



KONEKSYON

6 DESANM 2023

KWEN SIPÈ-ENTANDAN AN

Mwen espere tout moun te pase yon bël fêt e nou te kapab selebre ak moun nou renmen yo ak fanmi yo. Mwen rekonesan pou tout elèv nou yo, fanmi yo ak anplwaye nou yo ki fòme kominote distri Lekòl Piblik Providence (PPSD) briyan ki divès epi miltikiltirèl nou an.

Dènyèman, mwen te kapab asiste yon koupe riban ak **Senatè Ameriken Reed** ak **Whitehouse, Reprezantan Ameriken Magaziner ak Amo, Komisyònè RIDE Infante-Green, Majistra Smiley, Konseye AnderBois** ak ekip **First Student** la pandan nou te devwale kat nouvo otobis elektrik yo. Otobis ki pi pwòp ak mwens emision nan katye nou yo ede kreye anviwonman ki pi an sante pou elèv ak anplwaye nou yo ka pwospere. Mwen rekonesan pou patenarya nou yo atravè gouvènman an ak vil la pou sipòte elèv nou yo epi rann siksè yo pi fasil pou yo genyen yon pi bon avni.

Desanm sa a, mwen vle nou kontinye konsantre sou prezans, sitou pandan sezon fèt la. Ann fini 2023 a bël epi kòmanse 2024 la ak anpil prezans ak patisipasyon. Lè nou travay ansanm epi ankouraje youn lòt pou fè tout jefò nou, mwen konnen nou ka reyalize objektif sa a.

Yo selebre **Semèn Edikasyon Syans Enfòmatik** soti 6 desanm rive 12 desanm ane sa a. Semèn nan vize fè elèv K-12 yo enterese nan kodaj òdinatè. Pandan dezyèm semèn mwa desanm nan, yo ankouraje elèv yo pou yo patisiye nan yon *Èdtan Kodaj* ki angaje elèv yo konplete ti lesón patikilye sou pwogramasyon yo. Nan PPSD, nou gen yon pwogram Teknoloji Enfòmasyon P-Tech nan **E-Cubed** ak pwogram CS4RI (Syans Enfòmatik pou Rhode Island) nan **JSEC, Mount Pleasant, Alvarez ak Central High Schools**.

M ap tann semèn k ap vini yo pou preparasyon pou sezon fèt la. Rete konsantre, travay di epi fini ane civil la bël!



DR. JAVIER MONTAÑEZ
SIPÈ-ENTANDAN



Direktè Alvarez High School la, Nathan Biah, nan mitan, kanpe ak elèv ki fè pati **Alvarez High School Healthcare Academy** a pandan **School Choice Fair** la. Alvarez se youn nan nouvo lekòl distri a ki pral konsantre sou karyè nan domèn swen sante ak finans.

MIZAJOU DISTRI YO

ÈSKE W VLE ENFLIYANSE AVNI EDIKASYON SIVIK NAN PPSD?

Generation Citizen ap rekrite 16 pwofesè ak elèv an total nan lekòl PPSD ki nan klas edikasyon sivik ane sa a, oswa ki fèk fini ane pase a, ki ta kapab angaje yo nan yon reyinyon vityèl 90 minit yon fwa pa mwa pou santre epi leve vwa elèv ak pwofesè yo. Sa a pral sou yon pakèt sijè posib, ki reponn ak yo, pou reflechi epi enfliyanse avni edikasyon sivik nan Providence. Anplis bati konpetans ak koneksyon, pral gen lòt benefis yo ofri bay pwofesè ak elèv ki patisipe nan konsèy la nan fen ane lekòl la.

Si w konnen nенpòt moun ki ta ka enterese, Generation Citizen espere resevwa tout aplikasyon yo anvan Mèkredi 13 Desanm (premye reyinyon yo planifye pou Lendi 20 Desanm). [Aplike isit la a.](#)

FWA SOU CHWA LEKÒL

Yon gwo mèsi a tout moun ki te soti nan **Fwa Chwa Lekòl la!** Nou te vrèman kontan wè fanmi nou yo epi pataje enfòmasyon sou opsyon lekòl pou ane pwochèn! Lekòl nou yo te soti ak tout fòs pou montre fanmi nou sa yo gen pou ofri pou elèv yo. Mèsi ak tout moun ki te rann evènman sa a posib!



Juanita Sanchez Educational Complex (JSEC)



Lekòl Primè Carnevale

KONKOU LOGO SODEXO

Ap rele tout elèv kreyatif Lekòl Piblik Providence! Antre nan **Konkou Kreyasyon Logo Sodexo** a epi montre Sodexo zèv orijinal ou a. Sodexo Providence ap chèche kreye yon nouvo logo ki reflete tèm nan 'Rooted in Providence.' Done yo dwe gen non "Rooted in Providence," yo dwe gen rapò ak manje midi lekòl la epi yo dwe yon travay atistik orijinal. Moun ki genyen an ap ale ak yon pri \$5000 lakay li! Soumèt desen w la nan fòma pdf pou pi ta 26 Fevriye 2024 bay liana.borts@foodsorps.org. Y ap anonse moun ki genyen an 19 Mas.

SELEBRASYON ELÈV YO

Elèv ki travay di, ki gen talan nou yo ap fè bèle bagay chak jou. Men kèk egzanp.



CHANPYON FOUTBÒL POU GASON MOUNT PLEASANT

Se te yon GWO mwa pou kèk nan ekip foutbòl nou yo nan distri a! Yon gwo konpliman pou Ekip foutbòl **Mount Pleasant High School Boys Varsity** paske yo te kouwone chanpyon Eta Divizyon IV! Milye teren prensipal Gavin Claxton te make pou Kilties yo nan lè siplemantè, sa a ki louvri wout la pou tit la, premye tit lekòl la depi fondasyon pwogram nan an 1970. Felisitasyon Kilties!



CHANPYON FOUTBÒL POU GASON DELSESTO MIDDLE SCHOOL

Ekip Foutbòl pou Gason DelSesto Middle School la te genyen viktwa tou paske yo te kouwone Chanpyon Seri Eliminatwa Foutbòl pou Gason pou Middle School 2023! Felisitasyon Jaguars yo pou yon gwo sezon ak yon gwo viktwa chanpyona a!




CHANPYON FOUTBÒL POU FANM NATHAN BISHOP

Pou bò fi yo, **Nathan Bishop Middle School** te ranpòte premye plas la! Yo te kouwone Chanpyon Seri Eliminatwa Middle School 2023 pou Fanm! Felisitasyon Cougars yo pou yon gwo sezon ak yon gwo viktwa chanpyona a!



GIRLS ON THE RUN NAN KENNEDY

Robert F. Kennedy Elementary School te abouti pwogram 9 semèn Girls on the Run ak sezon yo te fini 5k dimanch 19 novanm. Mèsi ak travayè sosyal Kennedy, **Valerie Chase** paske w ap dirije pwogram nèf semèn nan. Girls on the Run, yon òganizasyon nasyonal san bi likratif, mete sou plas pwogram ki ranfòse ladrès sosyal, emosyonèl, fizik ak konpòtman tifi klas 3zyèm rive 5yèm ane pou genyen eksperyans lavi a avèk siksè.



PWEN ESANSYÈL LEKÒL LA E-CUBED ACADEMY



Direktè: Doktè Matthew Juda

Asistan Direktè: Kerri Giorgio

Kisa ki rann lekòl ou an inik?

Mwen panse paske lekòl nou an tèlman piti, ou gen yon chans pou devlope relasyon ak pwofesè yo. Ou santi pwofesè w yo apresye w.

- Maria J., elèv 11yèm ane

Tout moun konnen tout moun, se tankou yon fanmi.

- Amadou D., elèv 11yèm ane

Elèv nan E-Cubed bezwen 4 kredi teknoloji pou yo gradye e lekòl sa a gen tout kalite teknoloji dènye kri.

- Jadielynn P., elèv 12yèm ane

Kominote isit la espesyal. Gen gwo relasyon ant estaf anplwaye a ak elèv yo epi tout moun vle asire w anfòm.

- Kemi A., elèv 12yèm ane

Timoun yo ka jwenn tout sa yo bezwen nan E-Cubed la akòz anpil pèsonalite diferan ak fòs estaf anplwaye a pote nan lekòl la. Tout moun ka jwenn moun pa yo ki ka sipòte siksè yo.

- Madam Lepre, Pwofesè Atizay

Fason estaf anplwaye a pouse w pou w reyisi fè w toujou pi bon e w ap fè fas ak nenpòt difikilte.

- Bryan H., elèv 12yèm ane

Nou se melanj pafè yon ti lekòl ki gen yon pwogram inovatè ak gwo teknoloji. Ou pa ka pèdi epi ou ka eseye fè anpil nouvo bagay..

- Ms. Burakowski,
Pwofesè Edikasyon Espesyal

Bilding lan piti, pwòp e li gen èkondisyone.

- Kayleigh M., 10yèm ane

Bilding lan piti e li vrèman bél. Teknoloji a se yon teknoloji dènye kri.

- Tyler D., 10yèm ane

Kòm ou konnen, semèn Syans enfòmatik se mwa sa a. Èske w ka dekri pwogram Syans Enfòmatik yo nan E-Cubed?

Pandan 3 ane ki sot pase yo, E-Cubed te reimajine tèt li kòm yon Lekòl Segondè CTE. Tout elèv nou yo enskri nan youn nan twa Filyè Teknoloji Enfòmasyon (IT) nou yo. Twa filyè elèv yo chwazi yo se Pwogramasyon òdinatè, Rezo oswa Espesyalis sipò òdinatè. Nou te konstwi 2 laboratwa òdinatè - youn pou lojisèyèl ak youn pou pyès ki nan konpitè.

Tout elèv pran CS Discoveries pou konstwi yon fondasyon ladrès enfòmatik nan klas 9yèm ane. Nan klas 10yèm ane, tout elèv yo pral pran Entwodiksyon nan Syans Enfòmatik ak Done ak Aprantisaj ki baze sou travay. Nan fen 10yèm ane a,

elèv yo chwazi filyè yo pral swiv pandan 11yèm ak 12yèm ane. Elèv ki nan Filyè Syans Enfòmatik yo pral pran AP Comp Sci Principles ak AP Comp Sci A. Elèv ki nan Filyè Rezo yo pral pran Networking 1 ak Networking 2. Elèv ki nan Filyè Espesyalis Sipò Enfòmatik nou an ap pran Computer Support Specialist 1 ak Computer Support Specialist 2.

Nou gen anpil chans pou nou gen relasyon ak gwo patnè. Anplis nou genyen code.org kòm pwogram pou kou 9yèm ane nou an, nou fè patenarya ak Dell ak Microsoft Teals.

Ki vizyon oswa objektif ou pou gwooup elèv nou an pou ane lekòl 2023-24 la nan moman sa a?

Objektif la se pou tout elèv nou yo prezan 90% nan ane a oswa plis ane lekòl sa a. Tout elèv yo pral fè tout jefò yo nan tout klas yo epi tout elèv nou yo pral pran pou pi piti yon kou AP anvan yo gradye. Epitou, nou vle elèv nou yo santi yo sipòte yo, pran swen yo epi eksite pou yo vin lekòl.

Ki reyalizasyon ki te ranpli w ak fyète jiskaprezan ane sa a?

Elèv nou yo jis eksepsyonèl. Elèv nou yo montre konpetans yo nan zafè akademik ak atletik. Nou te diminye absans kwonik nou yo, nou te ogmante enskripsyon nou nan kou AP yo epi nou te kreye plis opòtinite pou nou fè tandem vwa yo nan kominote lekòl la.

Èske lekòl ou a gen yon maskòt oswa gen koulè lekòl la? Ki jan lekòl ou a montre lespri lekòl la?

Maskòt lekòl nou an se Pantè epi koulè lekòl nou an se Wouj ak Nwa!

Nou montre lespri lekòl lè nou gen semèn lespri pandan tout ane a. Elèv yo ak anplwaye yo abiye pou montre lespri lekòl la epi elèv yo chwazi tèm yo. Genyen tou konpetisyon nan tout lekòl la ant nivo klas oswa konsèy ki rive pandan ane a.

Èske genyen nenpòt bagay ou ta renmen pataje avèk kominote PPSD a ankò?

Anplis sa a, nou se yon lekòl segondè CTE, nou se yon lekòl P-Tech tou. Sa a vle di elèv nou yo gen aksè bonè nan kou inivèsite, nan CCRI gratis. Lekòl la ofri klas ete nan men CCRI chak ete epi pandan ete 2023 elèv yo te genyen 120 kredi nan men CCRI!

E-Cubed gen kou enskripsioun doub nan URI ak RIC. Nou ofri 15 kou AP pou elèv nou yo epi n ap ogmante kantite sa a ane pwochén!



NATHANAEL GREENE COLLEGE AK FWA POU KARYÈ

Elèv nan Nathanael Greene Middle School te kapab pale ak plis pase yon douzèn pwopriyetè biznis lokal, pwofesyonèl ak inivèsite ki te ale nan premye Fwa sou Karyè ak Inivèsite nan lekòl la! Elèv yo te tèlman angaje nan evènman an, epi yo te aprann sou diferan kalite pwofesyon ak filyè karyè pou avni yo. Mèsi ak tout moun ki te rann evènman sa a yon bél siksè!

MAKE KALANDRIYE W YO!

- INIVÈSITE PARAN: Providence Promise - Yon pwogram bous bonè pou Invèsite ak Karyè**

Mèkredi 6 Desanm 2023
6:00 p.m. - 7:30 p.m.

- INIVÈSITE PARAN: Edikasyon Kontinyèl ak Plasman Travay nan CCRI**

Jedi 14 Desanm 2023
6:00 p.m. - 7:30 p.m.

- INIVÈSITE PARAN: Reponn ak Vyolans nan Rankont Adolesan**

Jedi 7 Desanm 2023
6:00 p.m. - 7:30 p.m.

- VAKANS (PA GEN LEKÒL)**

Vandredi 22 Desanm 2023 -
Lendi 1 Janvye 2024

DESANM MENI
LEKÒL LA



EKITE AK APATENANS

RESOUS POU KONVÈSASYON DIFISIL YO

Pou ede pakouri konvèsasyon difisil yo sou twomatis ak evènman modyal yo, nou te rasanble kèk resous ki itil pou paran, fanmi, ak edikatè yo. Tanpri klike [isit la](#) pou jwenn lis konplè resous yo.

NOUVO OPÒTINITE APRANTISAJ PWOFESYONÈL POU MANM PÈSONÈL PPSD YO

Leson, Aktivite ak Resous pou Black Lives Matter nan School Year of Purpose - Pati 2 nan dat 24 Janvye.

Biwo pou Ekite ak Apatenans la fyè pou soutni Ansèyman pou gwooup etid pwofesè Black Lives la, yon inisyativ ki dirije pa pwofesè PPSD yo. Nan dat 15 novanm, gwooup etid la te òganize yon sesyon aprantisaj pwofesyonèl Zoom pou kòlèg edikatè yo, konseye ak administratè yo. Plis pase 30 anplwaye te asiste pou aprann enfòmasyon sou Black Lives Matter nan School Year of Purpose, espesyalman 13 prensip gid yo. Gwoup etid la ap dirije Pati 2 seri sa a **Mèkredi 24 janvye, ant 5:00 pm-6:30 pm sou Zoom** pou kontinye eksploré resous ak planifye fason pou entegre lesion, aktivite ak materyèl Black Lives Matter yo nan lekòl la. Sesyon sa yo pral fèt pa nivo pou kapab aksesib pou tout divizyon nivo klas yo ak nan tout matyè yo. Anplwaye PPSD ka enskri pou opòtinite aprantisaj pwofesyonèl peye sa a (negosye pou santaj distri a) sou Frontline.

Bloomberg Equity Micro-Credentialing - [Aksepte aplikasyon pou SPRING COHORT](#). Pwogram sètifikasyon ki baze sou mikwo-kreditasyon sa a konsantre sou ale nan zafè ekite. Mikwo-kalifikasyon ("MCs") se kalifikasyon modilè, ki baze sou konpetans pou aprantisaj pwofesyonèl ki rekonèt metriz ki demontre konpetans

ak konesans anvan yo. Edikatè ki enskri nan Pwogram Mikwo-Apwobasyon Ekite yo pral angaje yo nan mikwo-kalifikasyon an lè yo sèvi avèk platfòm BBI sou entènèt, ritm pèsonèl, platfòm lojisyèl-kòm-sèvis (SaaS, an anglè) ("Platfòm BBI"). Patisipan yo pral gen aksè tou ak zouti kolaborasyon sou Platfòm BBI yo ka itilize pou angaje ak kamarad yo ak fasilitatè ekspè yo pandan y ap travay nan pakou mikwo-kalifikasyon yo. Lè yo fini kou sa a, chak patisipan ap kalifye pou resevwa twa modil kredi pou yon diplòm nivo siperyè. Edikatè ki enterese yo kapab swiv kou sa a tou nan kad yon Mastè nan Pwogram ak Ansèyman nan youn nan enstisyon edikasyon siperyè ki patnè BBI yo. Tanpri soumèt aplikasyon yo ak redaksyon ki nesesè yo nanequity@ppsd.org.

Manje midi chak mwa ak Aprantisaj avèk Biwo Ekite ak Apatenans

Biwo Ekite a te akeyi Jonathan Globe Lewis, yon lidè kominotè ak animatè ki soti nan Nonviolent Schools RI, nan Manje midi ak Aprantisaj nan mwa Novanm nou an. Globe te dirije plis pase ven Estaf Biwo Santral PPSD nan diskisyon ki santre sou istwa endijèn Ozetazini ak empòtans pou nou konnen liye pèsonèl nou an. Yon patisipan te fè kòmantè, "Globe te fè yon bon travay nan angaje odyans la e mwén te aprann anpil nan dyalòg sa a." Pwochen Manje midi & Aprantisaj nou an ap fèt an janvye 2024.


Opòtinite finansman pou pwojè ki konsantre sou ekite

[Sibvansyon ranfòsman ekite yo](#) toujou disponib epi la pou pèmèt elèv ak edikatè yo teste nouvo lide ak nouvo inovasyon elèv ak pwofesè yo pou sipòte ansèyman ak aprantisaj ki gen referans, pandan y ap avanse ak konpreyansyon ak apresyasyon kiltirèl, angajman anti-rasis ak konpreyansyon angajman sivik ak demokrasi. Sibvansyon ranfòsman ekite yo pral finanse pwojè ki baze nan lekòl la ant \$500 ak \$4900. [Yo aksepte aplikasyon yo sou yon baz san kanpe.](#)

SE BON NOUVÈL: PPSD NAN LAPRÈS

- 'Mwen vrèman reyisi,' se sa a Gavin Claxton di konsènan gòl li te make pou tit D-IV pou Mt. Pleasant
The Providence Journal, 13 Novanm 2023
- Premye Elèv ki pral revele premye otobis lekòl elektrik yo lendi
WJAR, 27 novanm 2023
- 'Byenvini nan fiti': Nouvo otobis lekòl elektrik yo nan lari
The Providence Journal, 28 novanm 2023

Rele tout
"PWOCHEN CHÈF"
yo pou KONKOU
KWIZIN nou an




Chalenj Nasyonal Pwochen
Chèf

by sodexo

NOU ENVITE W SOUMÈT RESÈT
OU PREFERE A OU KONN FÈ
LAKAY OU OSWA RESÈT
FANMI AN

Yo pral chwazi konpetitè ki gen chans nan chak lekòl PPSD kòm finalis pou patisipe nan konpetisyon nou an nan Providence Career & Technical Academy 9 mas 2024. Kòm bonis, gayan evènman sa a pral antre nan yon Chalenj Nasyonal pou Pwochen Chèf pou kèk gwo pri!



Platfòm pou soumèt resèt elèv yo
ap ouvri 6 novanm 2023

Èske w bezwen yon fòmilè resèt papye?
Jis mande Antèt kwizin nan kafetarya ou a!

ESPAS PRE-MATÈNÈL



HARRY KIZIRIAN ELEMENTARY SCHOOL

Atizay ak timoun piti pèmèt nou wè pi plis pase yon foto senp. Si nou prete atansyon ak je ak zòrèy, nou ka jwenn anpil enfòmasyon sou chak timoun. Nou ka pataje ak fanmi sa a nou te dekouvrir ak poukisa nou santi li enpòtan. Nou ka kreye eksperyans ki agreyab epi sipòte devlopman an menm tan; Ala yon zèv!

ATIZAY NAN FOGARTY ELEMENTARY SCHOOL

Jwe ak enstriman yo bay elèv Pre-K ak estimilasyon epi ede devlope filyè newòn sèvo yo. Li ede yo tou pou devlope kowòdinasyon yo ak ladrès atikilasyon dwèt ak zòtèy. Etid yo te lye enstriman yo jwe yo tou pandan anfans pou byen discipline tèt yo ak konfidans, menm jan bon jan memwa.

Pwosesis pou adousi penti a, se souvan sa a ki enteresan pou jèn timoun yo. Sa a ki enpòtan, se bèl sansasyon nan pentire ak penso oswa dwèt. Pandan timoun yo devlope, yo vin pi konsantre sou kreye reprezantasyon epi transmèt lide.

JOUNEN PREVANSYON DIFE NAN D'ABATE ELEMENTARY SCHOOL

Elèv Pre-K nan **William D'Abate** te resevwa yon vizit nan Depatman Ponpye Providence pou pale sou prevansyon dife. Kenbe elèv yo an sekirite se yon pati enpòtan nan edikasyon Pre-K. Timoun piti yo bezwen èd pou yo konprann danje dife ak kijan pou yo reponn.

SYANS NAN YOUNG WOODS ELEMENTARY SCHOOL

Elèv Pre-K Young Woods ap travay sou syans. Syans fè apèl ak lespri louvri pandan y ap eseye jwenn sans mond lan ak fason bagay yo fonksyoné. Aktivite syans pou premye ane yo pwofite kiryozite yo epi devlope dezi pou eksplor epi eksperimente. Sa a finalman ranfòse kapasite yo pou rezoud pwoblèm ak analiz yo.

